



## Kòman pou Li ak Konpare Fèy Acha Èd Finansye

New Jersey ap mennen nasyonanman nan bay transparans pou depans pou inivèsite. An fèt, lalwa egzijè chak enstitisyon edikasyon sipèryè nan New Jersey bay chak etidyan yon Fèy Acha Èd Finansye pou chak ane yo asiste. Fèy sa yo fèt pou yo ede fanmi yo konpare depans pou inivèsite nan yon fòm kote sou kote pou ede yo konprann depans k ap sòti nan pòch yo.

Kontakte biwo èd finansye inivèsite w si w ta gen nenpòt kesyon sou Fèy Acha Èd Finansye w. Li enpòtan pou w konprann resous sa a konsa w ap ka pran yon desizyon byen enfòmè sou ki inivèsite ou pral asiste.

### KARE 1

Depans total pou asiste yon enstitisyon espesifik anvan yo aplike èd finansye. Depans total la konsidere tout depans pètinan yo, tankou ekolaj, fre yo, lojman, founiti, elatriye.

### KARE 2

Sibvansyon baze sou merit ak/oswa bezwen ak bous detid si w elijib pou w resevwa si w asiste enstitisyon sa a. Finansman sa a se yon kado pou etidyan an e li pa oblije remèt li.

### KARE 3

Depans k ap sòti nan pòch ou pa asiste inivèsite sa a apre yo aplike tout sibvansyon ak bous detid nan Kare 2. Sa a se montan w ap responsab pou peye apre yo aplike tout èd finansye ki aplikab yo.

### KARE 4

Opsyon pou ede peye pri nèt pou asistans si èd finansye w pa kouvri pri a konplètman. Opsyon sa yo genyen ladan pre dirèk nan men gouvènman federal la, pre federal Parent PLUS, pre prive, ak pre enstitisyonèl—tout sa yo w ap oblije remèt.

Pou plis enfòmasyon, ale sou **CollegeForYou.NJ.Gov**



© 2024 CollegeForYou.NJ.gov. Tout Dwa Rezève.  
CollegeForYou.NJ.gov se yon inisyativ Eta New Jersey pou ede rezidan yo aksede opòtinite pou edikasyon sipèryè.